


Yon prensip pwodiktivite

Fè



“Nenpòt antrepriz... pwofite amèvèy lè l kenbe tèt li okouran fè yo.” Pwovèb 24:3-4

By John E. Schrock

Souliyen konsèp kle w jwenn nan prensip sa a.

Mwen genyen fè yo. . . ala yon gwo fraz. Nou pa t a janm dwe inyore fè, paske fè vle di eta reyèl bagay yo ye, oswa reyalye. Noutout bezwen apiye sou rapò ki onèt. Nou pa kapab planifye efikasman oswa fonksyone byen si nou pa konnen omwens kèk fè. Pa genyen moun, eksepte Papa nou kin an syèl la, ki konnen tout bagay Pèsonn pa janm koumanse yon fanmi, yon biznis oswa yon òganizasyon pandan li konnen tout fè yo. Sepandan, li trèzenpòtan pou nou genyen otan plis fè nou kapab anvan nou koumanse fè plan. Twòp sipozisyon nan plan nou va lakòz nou echwe. Lè n a fin ranmase kont fè nou, nou va gendwa sipoze kèk bagay. Sepandan nou dwe konprann ke plis nou va genyen fè plis nou va pare pou nou fè ajisteman ki nesèsè nan plan nou.

Gendefwa nou konfonn mo verite ak fè. Malgre fè baze sou sèten verite, nou kapab genyen fè yo men pa nesèsèman tout laverite. Donk, lè yon mon prezante nou fè, nou dwe fè atansyon paske fè sa yo gendwa pa bannou tout laverite oswa tout imaj la. Defwa vandè yo gendwa fè nou fokis sou sèten fè ki konsènen pwodui yo pou yo kapab vann, men pita nou vin pakontan vale total pwodui a. Moun kapab itilize sèten fè pou desevea nou. Donk, laverite se akimilasyon tout fè yo, olye se sèten fè sèlman. Sepandan nou pa dwe janm inyore fè, paske yo va Mennen nan laverite.

Pwovèb anlè a di konsa rete okouran fè se fason pou nou bati biznis nou. Fè yo va ede nou fè “bèl benefis.” Alòs fèy fè chak semenn trèzenpòtan nan biznis nou. Fè sa yo t a dwe rapèl bagay ki te pase, tankou vant semenn nan, pri travay ak efikasite pwodiksyon. Chak biznis oswa kay dwe konnen chak semenn si yo travay byen ou mal, epi ki pwogrè y ap fè. Move nou vèl gendwa tounen bon nou vèl paske li bannou yon chans pou nou fè chanjman nan bon sans. Fè sa yo, bon ou mal, dwe vizib pou nou chak jou, pou konfwonte nou, fòse chanjman epi fè nou konnen sityasyon nou, yon fason pou nou fè ajisteman. Si nou pa genyen fè nou kapab ap echwe san nou pa konnen jiskaske l twò ta pou nou rekipere.

Kounye a la, lemonn ak ekonomi li ap chanje. Inyore fè sa yo epi refize fè ajisteman va lakòz yon desas. Inyon Sovyetik te inyore fè yo, epi nasyon yo kraze. Lòt nasyon tou ap inyore fè. Gwo dèt nasyonal, move

jesyon ekonomik ak deteryorasyon moral se fè moun pa kapab inyore sans konsekans.

Kèk nan nasyon sa yo te dwe dil ak fè sa yo depi 30 an. Echèk pa rive nan yon sèl nwit ; li sòti nan inyore fè pandan lontan. Men 3 bagay ki va toujou lakòz desas pou nou:

1. Inyorasn (pa konnen).
2. Pa siveye fè yo.
3. Yon kè tèt di ki refize chanje.

Asire w ou fè fas ak fè yo. Yo la pou ede w, pa pou fè w mal. Pa fè tankou nèg ki te di “Mwen déjà pran desizyon m, pa kreye konfizyon nan lespri m ak fè.”

Prensip sa se yon pati pwogram yon lane devlopman karaktè:

Fondasyon pou Sikse.

Panse pou medite:

Fè pa sispann egziste paske w inyore yo.

Evalye tèt ou de 1 a 10	1	2	3	4	5	6	7	8	9	10
Poukisa w bay tèt ou nòt sa a?										
Ki avantaj ou kapab jwenn lè w ogmante nòt ou?										
Ki aksyon espesifik ou kapab fè pou verifiye avantaj prensip sa a?										
Lis verifikasyon lekti w fè toulejou sou prensip sa a.	M	T	W	T	F	S	S			

Komplete

Pa komplete